# ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE TÁLIM-TÁRBIYA ISLERIN DURÍS ShÓLKEMLESTIRIWDÍŃ NEGIZLERI

**Oraqbaev Zulxander Zinatdinovich**
*Ájiniyaz atındağı NMPI, Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw kafedrası assistent oqıtıwshısı*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15079324**

***Annotaciya.*** *Maqalada Respublikamızda jaslarğa jaratılıp atırğan imkániyatlar menen birge ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde alıp barılıp atırğan tálim-tárbiya procesi boyınsha mağlıwmatlar keltirildi. Sonday-aq, búgingi kúndegi jaslarımızdıń tálim-tárbiyasına unamlı tásir kórsetiwshi faktorlar analizlengen.*

***Tayanısh sózler:*** *Ulıwma orta bilim beriw mektepleri, pedagog, tálim-tárbiya, pedagogikalıq sheberlik, sabaqlıqlar, imkániyatlar.*

Ózbekstan Respublikasınıń ǵárezsizlikke erisiwi hám de óziniń siyasiy, ekonomikalıq jáne social jolın iyelewi xalıq xojalıǵınıń túrli tarawlarında, atap aytqanda xalıq tálimi sistemasında da ósip kiyatırǵan jas áwlad tálim-tárbiyası menen baylanıslı processti qaytaldan kórip shıǵıwdı talap etpekte.

Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev «Jámiyet hám mámleket mápleriniń uyǵınlıǵı shaxstıń qáliplesiwinde, óz maqset hámde máplerin támiynlew barısındaǵı xızmeti nátiyjesinde sáwlelenedi. Usı máselede Prezidentimiz «Ullı maqsetlerimizge, iygilikli niyetlerimizge jetisiwimiz, jámiyetimizdiń jańalanıwı, turmısımızdıń ilgerilewi hám keleshegi, ámelge asırılıp atırǵan is-ilajlarımız hám rejelerimizdiń nátiyjeli taǵdiri, aldın ala, dáwir talaplarına juwap beretuǵın joqarı tájireybeli, sanalı, oy-pikirge iye bolǵan qánige kadrlar tayarlaw mashqalası menen baylanıslı», dep aytıp ótkeni biykarǵa emes[1.34].

Tárbiyalıq islerdi dáwir talabına juwap beretuǵın jaǵdayǵa keltiriw ushın tárbiyanıń tiykarı bolǵan barlıq ideyalar qaytaldan kórip shıǵılıwı, tiykarǵı itibar bala shaxsına qaratılıwı, jıllar dawamında toplanǵan unamlı tájiriybeden ónimli paydalanıw kerek. Tárbiyalıq jumıslar huqıqıy shólkemleri, dóretiwshilik birlespeleri, mámleket hám mámleketlik emes fondları, dúzilme hám shólkemler menen sheriklikte alıp barıladı. Jaslarǵa tálim-tárbiya beriwshi hárbir shaxs bilimlendiriw menen teńdey tárbiyalıq kónlikpelergede iye bolıwı shárt. Pánniń eń tiykarı tárbiyaǵa kelip taqaladı. Tárbiya - bul insandı sociallıq tájiriybeler menen, onıń barlıq formalarında bilim, sezim-tınıshsızlanıw, estetika, ádep-etika qaǵıydaları menen tanıstırıw hám individtiń ishki ózine tán táreplerin, múmkinshilikleri hám uqıpların rawajlandırıw boyınsha iskerlik esaplanadı. Mine, sol tárbiyanıń tiykarǵı dáregi - shaxslar bolıp qaladı - bul jámiyet hám individtiń ózi bolıp tabıladı.

«Oqıtıwshınıń dóretiwshilik paziyletleri, joqarı pedagogikalıq sheberligin, jumısta mudamı baslawshı faktorların, balalarǵa salıstırǵanda muhabbat penen húrmetin belgilep beretuǵın pazıyletler kompleksi bolıp tabıladı» [2.33], - dep ilimpazlar oqıtıwshılıq kásibi boyınsha durıs pikirlerdi bildiredi.

Tárbiyalıq isler texnologiyası pániniń joqarı oqıw orınında áhmiyeti oǵada joqarı. Jaslarǵa tálim-tárbiya beriwshi hárbir shaxs bilimlendiriw menen teńdey tárbiyalıq kónlikpelerge de iye bolıwı shárt. Pánniń eń tiykarı tárbiyaǵa kelip taqaladı. Tárbiya - bul insandı sociallıq tájiriybeler menen, onıń barlıq formalarında bilim, sezim-tınıshsızlanıw, estetika, ádep-etika qaǵıydaları menen tanıstırıw hám individtiń ishki ózine tán tареplerin, múmkinshilikleri hám uqıpların rawajlandırıw boyınsha iskerlik esaplanadı. Mine, sol tárbiyanıń tiykarǵı deregi - shaxslar bolıp qaladı - bul jámiyet hám individtiń ózi bolıp tabıladı.

Tárbiyalanıp atırǵan shaxs maqsetleri hám qádiriyatları sistemasında individual hám sociallıq koefficientler mashqalası tárbiya teoriyasında oraylıq mashqala esaplanadı. Jámiyet hám shaxs bir-biri menen qanday múnásibette boladı? Shaxs jámiyetten sırtta júzege kelmeytuǵın janzat esaplanadı, jámiyet bolsa óz gezeginde shaxslardan dúziledi. Ol shaxslar ózara múnásibetler procesi nátiyjesi hám processiniń ózinen ibarat. Shaxssız jámiyet joq solay eken, jámiyet olarǵa baylanıslı boladı. Materiya háreketleniwiniń sociallıq forması, eki tiykarǵı strukturalıq bólegi haqqında gáp baratırǵanlıǵın aytıp ótedi. Shaxs hám jámiyettiń jaqın bir-birine baylanıslılıǵı túrli táreplerden qaralıwı múmkin. Biraq, shaxs hám jámiyet bir zat hám birdey uqsas bolıwı menen parıqlanadı. Onıń parqı kólemine baylanıslı bola ma (kishi shaxs-úlken jámiyet dúziminde) yamasa taǵı basqa zárúrli parqı barma, degen sorawlarǵa juwap beriw ushın ózara baylanıslılıq mine sol sheńberden shıǵıwı zárúrli. Sociallıq subyektler funkciyalarınıń ayrıqshalıǵı nelerden ibarat? Shaxs jámiyet emes. Ol jámiyette payda bolıp, ózin ámelge asırıw processinde mádeniyatın ózgertiredi, geyde mádeniyatı rawajlanıwda sonshama alǵa ilgerilep ketedi on jıllar, geyde hátte ásirler dawamında jámiyet yadında qaladı. Ózinde jámiyet mádeniyatınıń sawǵaların jámlegenligi sebepli, shaxs sociallıq tájiriybeni jańasha aytıwda, ruwxıy hám materiallıq bahalardı jaratıwda, qayta ańǵarıwda ǵárezsiz avtonom bolıp qaladı.

Bunday shaxs óziniń zamanlasları ushın málim bolǵan yamasa biytanıs tájiriybeni alıp kiredi, tek waqıttıń ótiwi menen az-azdan jámiyetke kirip baradı. Bunday shaxs ózin jámiyetke qarsı qoyıwı, oǵan qarsı shıǵıwı hám ol menen gúresiwge kirisiwi múmkin. Jámiyet bul shaxs yamasa shaxslar kompleksi emes.

Jámiyet − bul qádiriyatlar óz mektebin jaratatuǵın, hár qanday subyekt xizmet etiwge májbúrlewge , óziniń bar ekenligin saqlap qalıw ushın shaxstı jutıp jiberiwge ılayıq, ózin háreketlendiriwshi sociallıq birlik bolıp tabıladı.

Tárbiyanıń tiykarǵı waziypası − shaxstıń intellektual, etikalıq, erkin pikirlewshi hám fizikalıq rawajlanıw qábiletlerin hár tárepleme ashıw ushın keń múmkinshilik jaratıw bolıp tabıladı. Qullası, tárbiyanıń negizinde tómendegiler jatadı:

- jaslardı erkin pikirlewge tayarlaw, turmıs mazmunın túsinip alıwına kómeklesiw, óz-ózin basqarıw hám qadaǵalay biliwin qáliplestiriw, óz jeke turmısına maqsetli kirisiw, olarda joba hám ámel birligin seziniw hám ámel etiw;

- oqıwshılardı milliy, ulıwma insanıylıq qádiriyatlar, Watanımızdıń bay ruwxıy miyrasları menen tanıstırıw, mádeniy hám de dúnyalıq bilimlerdi iyelewge bolǵan talapların qáliplestiriw, ilimiy pikirler payda ettiriw hám estetikalıq túsiniklerin qáliplestiriw;

- hárbir óspirimniń bilim dárejesin hám dóretiwshilik imkaniyatların anıqlap, olardı rawajlandırıw. Insan iskerligin túrli tarawlarǵa báǵdarlaw, balalar dóretiwshiligi, talantın júzege shıǵarıw hám de qollap-quwatlaw ushın shárt-sharayat jaratıw;

- adamgershilik ádebi normaların qáliplestiriw (bir-birin túsiniw, mehribanlıq, miyrim-shápáátlilik), mámile ádebi sıyaqlı tárbiya quralın durıs qollanıwǵa úyretiw kerek. Watansúyiwshilik, dúnyalıq pikirlew, jámiyetimizde jasap atırǵan adamlar menen ózara baylanıstı úyreniw, óz xalqın, mámleketin qorǵawı ushın bárháma tayın bolıp turıw, Ózbekstan Respublikası hám basqa mámleketlerdiń nıshanlarına húrmet penen qaraw, keleshek áwladtı mámleketimizdiń konstituciyasına, bayraǵına, gerbine, gimnine, prezidentine húrmet penen qarawshı jaslar etip tárbiyalaw;

- nızamlı jámáát etikası hám turmıs qaǵıydalarına húrmet penen qarawın tárbiyalaw, shaxstıń kem ushıraytuǵın qırların belgilewshi puqaralıq jáne sociallıq juwapkershilik sezimlerin rawajlandırıw, ózi jasap atırǵan mámlekettiń gúlleniwi, insaniyattıń rawajlanıwın turaqlı saqlap qalıw ushın belsendilik, ekologiyalıq tálim-tárbiya ruwxın sińdiriw;

- ǵárezsiz mámleketimiz - Ózbekstan Respublikasınıń ishki hám sırtqı siyasatına durıs hám qalıs baha beriwge úyretiw. Watanımızdıń tınısh, demokratiya hám basqa mámleketlerdiń ishki jumıslarına aralaspaw, ashıqtan-ashıq sırtqı siyasatına hám óz xalqınıń turmıs dárejesin asırıwǵa baǵdarlanǵan, puqaralardı sociallıq qorǵaytuǵın ishki siyasatın durıs túsindiriw kerek;

- turmısta eń joqarı qádiriyat esaplanǵan miynetke húrmet hám óz qánigeligine (tarawına) dóretiwshilik penen jantasıw pazıyletlerin qáliplestiriw, salamat turmıs

tárizine umtılıw ruwxında tárbiyalaw hám rawajlandırıw, múnásip shańaraq iyesi bolıw qálipin qáliplestiriw;

- jaslarımızdı erkin ǵárezsiz pikirlewge úyretiw.

Biziń pikirimizshe tárbiyanıń tiykarǵı sisteması tómendegiler bolıwı kerek:

- tárbiyalanıwshı shaxsın joqarı sociallıq qádiriyat dep tán alıw, hárbir bala, óspirim hám jas jigit-qızdıń ayrıqsha hám ózine tán ózgesheliklerin húrmetlew, onıń sociallıq huqıqı hám erkinligin itibarǵa alıw;

- jaslarda qálew hám múmkinshilik muwapıqlıq sezimin qarar taptırıw;

- milliyliktiń ayrıqsha dástúrleri hám qaǵiydalarına súyeniw;

- shaxslar aralıq qatnaslarda adamgershilik, pedagoglar hám oqıwshılar ortasındaǵı bir-birine húrmet múnasábetleri, balalar pikirine itibar qaratıw, olarǵa mehriban múnásebette bolıw.

Ámelde tárbiyalıq processtiń pútin hám úzliksiz jumısına túrli jastaǵı balalardı qamtıp alıwǵa bólek itibar beriw kerek. Óspirim jigit hám qızlar tek ǵana kelesi úlken turmısqa tayarlıq kóredi, balki áne sol haqıyqıy turmıs penen jasaydı. Tárbiyalıq jumıslar oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı, tilekleri, qálewi hám mútajliklerine súyengen jaǵdayda, olardıń bos waqıtlarında oqıw-tárbiya procesin toltıradı. Ol oqıwshılardıń dóretiwshilik qábiletlerin, talantlıǵın rawajlandırıwǵa múmkinshilik jaratadı. Tárbiyalıq islerdiń ayrıqshalıǵı sonda, dógerek baǵdarlamalarınıń hár túrliligi, olardıń mazmunındaǵı jańalıqlar óspirim jigit-qızlardıń shaxs retinde qáliplesiwi ushın jańa múmkinshilikler jaratadı.

**Ádebiyatlar:**

1. Mirziyoyev Sh.M Tanqidiy taxlil, qat’iy tartib –intizom va shaxsiy javobgarlik- xar bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi. T.2016.
2. Ibragimov B.A., Avezov B.D., Nazarbekov Q.K. Kásip-ónerge baǵdarlaw. – Nókis: Ilimpaz, 2023.